



Social Security

Benefis pou Enfimite

[www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov)

## Kontakte Sekirite Sosyal

### Vizite wèbsayt (sit entènèt) nou

Wèbsayt nou, [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov), se yon resous enpòtan pou enfòmasyon sou tout pwogram Sekirite Sosyal. Nan wèbsayt nou ou ka tou:

- Aplike pou avantaj retrèt, andikap, ak Medicare;
- Jwenn adrès biwo Sekirite Sosyal ki nan zòn ou;
- Revize *Etadkont Sekirite Sosyal* ou;
- Mande pou ranplase kat Medicare ou; epi
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo.

Kèk nan sèvis sa yo disponib sèlman nan lang Angle.

### Rele nan nimewo gratis nou

Anplis itilizasyon sitwèb nou, ou toujou kapab rele nou gratis nan nimewo **1-800-772-1213**. Nou trete tout apèl yo an sekre. Si ou pale lang Panyòl, peze 2. Pou tout lòt lang yo, peze 1, rete sou liy lan, epi rete an silans pandan w ap tande yon vwa k ap ba ou enstriksyon otomatik jouk lè yon anplwaye reponn. Anplwaye a ap kontakte yon entèprèt pou ede li avèk apèl ou a. Sèvis entèprèt la disponib pou gratis. Nou ka reponn kesyon espesifik yo ant 7 a.m. ak 7 p.m., lendi jiska vandredi. Anjeneral, w ap gen yon tan ki pi kout pou tann si ou rele pandan jou lasemèn apre midi. Nou kapab bay enfòmasyon nan lang Angle yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou. Si ou soud oswa si ou mal pou tande, ou ka rele nimewo TTY nou, **1-800-325-0778**.

Nou vle asire nou tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a ke genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.

## **Ki sa ki andedan**

<b>Benefis pou Enfimite. . . . .</b>	<b>4</b>
<b>Kimoun ki ka resevwa benefis Sekirite Sosyal pou enfimite? . . . . .</b>	<b>4</b>
<b>Kouman pou mwen aplike pou benefis pou enfimite? . . . . .</b>	<b>6</b>
<b>Kilè mwen ta dwe aplike epi ki enfòmasyon mwen bezwen? . . . . .</b>	<b>7</b>
<b>Kimoun ki decide si mwen enfim? . . . . .</b>	<b>8</b>
<b>Kisa k ap pase lè demann alokasyon mwen apwouve? . . . . .</b>	<b>11</b>
<b>Èske fanmi mwen kapab resevwa avantaj yo? . . . . .</b>	<b>11</b>
<b>Kouman lòt peman yo afekte benefis mwen yo? . . . . .</b>	<b>12</b>
<b>Kisa mwen bezwen fè Sekirite Sosyal konnen? . . . . .</b>	<b>13</b>
<b>Kilè m ap resevwa Medicare? . . . . .</b>	<b>14</b>
<b>Kisa mwen dwe konnen konsènan travay? . . . . .</b>	<b>14</b>
<b>Tikè pou pwogram Travay . . . . .</b>	<b>15</b>

## Benefis pou Enfimite

Enfimite se yon pwoblèm pifò moun pa renmen reflechi. Men chans pou w vin enfim pètèt pi gran pase sa w reyalize. Etid yo montre yon travayè ki gen 20 tan gen yon chans 3 sou 10 pou li vin andikape anvan li rive lan vrè laj retrèt.

Tiliv enfòmasyon sa a gen ladan enfòmasyon debaz sou benefis Sekirite Sosyal pou enfimite epi li pa la pou reponn tout kesyon. Pou enfòmasyon spesifik sou sityasyon ou, ou ta dwe pale avèk yon anlwaye Sekirite Sosyal.

Nou peye benefis pou enfimite atravè de (2) pwogram: pwogram asirans Sekirite Sosyal pou enfimite ak pwogram Revni Sekirite Siplemanntè (SSI). Tiliv enfòmasyon sa a konsène pwogram Sekirite Sosyal pou enfimite. Pou enfòmasyon sou pwogram SSI pou enfimite pou adilt, ale nan *Revni Sekirite Siplemanntè (SSI)* (Piblikasyon nimewo 05-11000-HC). Pou enfòmasyon sou pwogram enfimite pou timoun, ale nan *Benefis Pou Timoun ki Enfim* (Piblikasyon nimewo 05-10026-HC). Piblikasyon nou yo disponib sou Entènèt nan [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov).

## Kimoun ki ka resevwa benefis Sekirite Sosyal pou enfimite?

Sekirite Sosyal peye benefis pou moun ki pa ka travay paske yo gen yon maladi yo prevwa k ap dire omwen yon ane oswa yo prevwa k ap lakòz yo mouri. Lalwa federal mande definisyon trè fòmèl sa a pou enfimite. Pandan kèk pwogram ap bay lajan pou moun ki gen enfimite an pati oswa enfimite pou yon tan ki pa long, Sekirite Sosyal pa fè sa.

Sèten manm fanmi travayè enfim ka resevwa lajan tou nan Sekirite Sosyal. Sa eksplike nan paj 11 lan.

## Kouman mwen satisfè kondisyon salè pou benefis pou enfimite?

Anjeneral, pou resevwa benefis pou enfimite, ou dwe satisfè de (2) tèl salè diferan:

1. Yon tès “travay resan” ki baze sou laj ou nan moman ou te vin enfim nan; epi
2. Yon tès “dire travay” pou montre ou te travay lontan ase anba Sekirite Sosyal.

Sèten travayè avèk dwe satisfè sèlman tès “dire travay” la.

Tablo ki anba la a montre règ pou kantite lajan ou bezwen pou tès “dènye travay” ki baze sou laj ou lè andikap ou a te kòmanse. Règ ki nan tablo sa a baze sou **trimès kalandè** kote w te vin genyen yon sèten laj oswa kote w pral gen yon sèten laj.

Trimès kalandè yo se:

**Premye Trimès:** Premye Janvye jouska 31 Mas ;

**Dezyèm Trimès:** Premye Avril jouska 30 Jen ;

**Twazyèm Trimès:** Premye Jiyè jouska 30 Septanm ; epi

**Katriyèm Trimès:** Premye Oktòb jouska 31 Desanm.

### Règ pou travay ki nesèsè pou “tès travay resan”

<i>Si w vin enfim...</i>	<i>Anjeneral w ap bezwen:</i>
Nan oswa anvan trimès ou vin gen 24 tran	1.5 ane travay pandan peryòd twazan k ap fini avèk trimès enfimite ou te kòmanse.
Nan trimès apre w vin gen 24 tran men anvan trimès ou vin gen 31 ane	Travay pandan mwatye tan pou peryòd ki kòmanse avèk trimès apre w vin gen 21 ane epi ki fini avèk trimès ou te vin enfim nan. Egzanp: Si w vin enfim nan trimès ou te vin gen 27 tan, ou ka bezwen twazan travay sou peryòd sizan k ap fini avèk trimès ou te vin enfim nan.
Nan trimès ou vin gen 31 ane oswa pita	Travay pandan senkan sou peryòd dizan k ap fini avèk trimès enfimite ou te kòmanse.

Tablo anba a montre egzanp kantite travay ou bezwen pou satisfè “tès dire travay” la si w vin enfim nan divès laj ki chwazi. Pou tès “dire travay” la, travay ou pa dwe tonbe nan yon sèten peryòd tan.

**REMAK:** Tablo sa a pa konsidere tout sitiyasyon yo.

## Egzanp travay ki nesèsè pou tès “dire travay” la

<i>Si w vin enfim...</i>	<i>Anjeneral w ap bezwen:</i>
Anvan laj 28 tan	1.5 ane travay
Laj 30 tan	2 zan
Laj 34 tan	3 zan
Laj 38 tan	4 zan
Laj 42 tan	5 zan
Laj 44 tan	5.5 ane
Laj 46 tan	6 zan
Laj 48 tan	6.5 ane
Laj 50 tan	7 zan
Laj 52 tan	7.5 ane
Laj 54 tan	8 zan
Laj 56 tan	8.5 ane
Laj 58 tan	9 zan
Laj 60 tan	9.5 ane

## Kouman pou mwen aplike pou benefis pou enfimite?

Gen de (2) fason ou ka aplike pou benefis pou enfimite. Ou kapab:

1. Aplike sou Entènèt nan [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov); oswa
2. Rele nimewo gratis nou, **1-800-772-1213**, pou pran yon randevou pou ranpli yon fòm reklamasyon pou andikap nan biwo Sekirite Sosyal zòn ou, oswa pran yon randevou pou yon moun pou fè reklamasyon ou nan telefòn. Entèvyou pou reklamasyon pou andikap la ap dire apeprè inèdtan. Si ou soud oswa si ou tande di, ou ka rele nimewo TTY gratis nou, **1-800-325-0778**, ant 7 a.m. ak 7 p.m. nan jou lasemèn yo. Si ou gen yon randevou, n ap voye ba ou yon Gwoup Dokiman pou Moun ki Fèk Andikape (Disability Starter Kit) pou ede ou pare pou entèvyou pou reklamasyon pou andikap ou. Gwoup Dokiman pou Moun ki Fèk Andikape a ap disponib nan Entènèt tou nan sitwèb [www.socialsecurity.gov/disability](http://www.socialsecurity.gov/disability)

## Kilè mwen ta dwe aplike epi ki enfòmasyon mwen bezwen?

Ou ta dwe aplike pou benefis pou enfimite imedyatman aprè ou vin enfim. **Li ka pran yon tan long pou trete yon aplikasyon pou benefis pou enfimite (twa a senk mwa).** Pou aplike pou benefis pou enfimite, w ap bezwen ranpli yon aplikasyon pou benefis Sekirite Sosyal ak Adult Disability Report (Rapò a Enfimite pou granmoun). Ou ka ranpli Rapò Enfimite a sou Entènèt nan [www.socialsecurity.gov/disabilityreport](http://www.socialsecurity.gov/disabilityreport). Ou ka enprime Rapò Enfimite a tou, ranpli li epi retounen li nan biwo Sekirite Sosyal zòn ou. Nou a anmezi pou trete aplikasyon ou pi vit si w ede nou. Pou fè sa, ou dwe jwenn nenpòt lòt enfòmasyon nou bezwen.

Men kèk enfòmasyon nou bezwen:

- Nimewo Sekirite Sosyal ou genyen nan moman an;
- Batistè ou oswa sètifika batèm ou;
- Non, adrès ak nimewo telefòn doktè, travayè sosyal, lopital ak klinik ki te pran swen ou ak dat ou te fè vizit ou yo;
- Non ak dòz tout medikaman w ap pran;
- Dosye medikal ou deja genyen ki sòti nan klinik doktè ou, terapet ou, lopital kote w pran swen, klinik ak travayè sosyal ou;
- Rezilta laboratwa ak rezilta tès;
- Yon rezime kote w t ap travay ak kalite travay ou t ap fè; epi
- Yon kopi dènye fòm W-2 ou (Salè ak Etadkont Taks) oswa, si w se yon travayè endepandan, fòm taks federal ou pou ane pase.

Anplis aplikasyon debaz pou benefis pou enfimite, gen lòt fòm w ap bezwen pou ranpli. Yon fòm ap ranmase enfòmasyon sou kondisyon medikal ou ak fason li afekte ladrès ou pou travay. Lòt fòm yo ap bay doktè, lopital ak lòt pwofesyonèl swen medikal ki trete ou pèmision pou yo voye ban nou enfòmasyon sou kondisyon medikal ou.

Pa pèdi tan pou aplike pou benefis yo si w pa ka jwenn tout enfòmasyon sa yo ansanm byen vit. N ap ede w jwenn yo.

## Kimoun ki decide si mwen enfim?

N ap revize aplikasyon ou pou nou asire ou satisfè kèk kondisyon debaz pou benefis pou enfimite. N ap tcheke si w te travay ase ane pou kalifye. Epitou, n ap evalye nenpòt aktivite travay w ap fè nan moman an. Si w satisfè sèten kondisyon, n ap voye aplikasyon ou nan Sèvis Detèminasyon Enfimite ki nan eta kote w ap viv la.

Biwo leta a ap konplete desizyon enfimite a pou nou. Doktè ak espesyalis enfimite ki nan biwo leta a ap mande doktè ou yo enfòmasyon sou kondisyon sante ou. Y ap konsidere tout enfòmasyon ki nan dosye ou. Y ap itilize prèv medikal doktè ak lopital, klinik oswa enstitisyon kote ou te swiv tretman ak tout lòt enfòmasyon yo. Y ap mande doktè ou yo:

- Kouman kondisyon medikal ou ye;
- Kilè kondisyon medikal ou te kòmanse;
- Kouman kondisyon medikal ou limite aktivite ou yo;
- Kisa tès medikal yo montre; epi
- Ki tretman ou resevwa.

Y ap mande doktè yo tou enfòmasyon sou ladrès ou pou fè aktivite ki asosye avèk travay, tankou mache, chita, leve chay, pote chay ak enstwiksyon pou sonje. Yo pa mande doktè ou yo pou yo decide si w enfim.

Ekip biwo leta a ka bezwen plis enfòmasyon anvan yo ka decide si w enfim. Si plis enfòmasyon pa disponib nan sous medikal ou genyen nan moman an, biwo leta a ka mande w pou al fè yon egzamen espesyal. Nou pito mande doktè ou, men pafwa se yon lòt moun ki ka gen pou fè egzamen an. Sekirite Sosyal ap peye pou egzamen an ak pou kèk depans depasman ki asosye ak egzamen an.

### Kouman nou pran desizyon an

Nou itilize yon pwosesis senk (5) etap pou decide si w enfim.

#### 1. Èske w ap travay?

Si w ap travay epi mwayèn salè ou pi plis pase yon sèten kantite lajan chak mwa, anjeneral nou p ap konsidere ou enfim. Kantite a chanje chak ane. Pou chif ki genyen kounye a, ale nan *Mizajou* (Piblikasyon nimewo 05-10003-HC).



Si w p ap travay, oswa si mwayèn salè pa mwa ou vo kantite lajan ki la a oswa mwens, biwo leta a ap konsidere kondisyon medikal ou.

## **2. Èske kondisyon medikal ou “grav”?**

Pou biwo leta a decide ou enfim, kondisyon medikal ou dwe limite ladrès ou vrèman pou fè aktivite debaz travay—tankou mache, chita ak sonje—pandan omwen yon ane. Si kondisyon medikal ou pa grav konsa, biwo leta a p ap konsidere w enfim. Si kondisyon ou grav, biwo leta a prale nan etap twa.

## **3. Èske kondisyon medikal ou sou Lis Enfimite yo?**

Biwo leta a gen yon Lis Enfimite ki dekri kondisyon medikal ki konsidere tèlman grav sa vle di ou otomatikman ou enfim jan lalwa defini sa. Si kondisyon ou (oswa melanj kondisyon medikal yo) pa sou lis sa a, biwo leta a ap gade pou wè si kondisyon ou grav menm jan ak sa ki sou lis la. Si gravite kondisyon medikal ou satisfè oswa egal ak yon enfimite ki sou lis la, biwo leta a ap decide ou enfim. Si li pa satisfè oswa egal ak youn nan enfimite yo, biwo leta a prale nan etap kat la.

## **4. Èske w ka fè travay ou te fè anvan?**

Nan etap sa a, biwo leta a ap decide si kondisyon medikal ou anpeche w vin anmezi pou fè travay ou te fè anvan. Si sa pa yon anpechman pou ou, biwo leta a ap decide ou pa enfim. Si li pa satisfè oswa egal ak youn nan enfimite yo, biwo leta a prale nan etap senk.

## **5. Èske w ka fè nenpòt kalite travay?**

Si w pa ka fè travay ou te konn fè lontan, biwo leta a ap gade pou wè si w ka anmezi pou fè lòt travay. L ap evalye kondisyon medikal ou, laj ou, fòmasyon ou, eksperyans ou fè nan travay deja ak nenpòt ladrès ou ka genyen ki ka itilize pou fè lòt travay. Si w pa ka fè lòt travay, biwo leta a ap decide ou enfim. Si w ka fè lòt travay, biwo leta a ap decide ou pa enfim.

## Règ espesyal pou moun ki avèg

Gen yon kantite lòt règ espesyal pou moun ki avèg. Pou plis enfòmasyon, mande yon kopi *If You Are Blind Or Have Low Vision—How We Can Help* (Si ou avèg oswa gen anpil Vizyon-Kòman Nou Ka Ede, Piblikasyon nimewo 05-10052. Disponib sèlman nan lang angle.).

## N ap fè w konnen desizyon nou

Lè biwo leta a rive jwenn yon desizyon sou dosye ou, n ap voye yon lèt ba ou sou sa. Si aplikasyon ou apwouve, lèt la ap montre kantite lajan benefis ou ak lè peman ou yo ap kòmanse. Si aplikasyon ou pa apwouve, lèt la ap eksplike pou kisa epi l ap di w kouman pou fè apèl kont desizyon an si w pa dakò avèk li.

## Dwa pou fè apèl

Si ou pa dakò avèk yon desizyon ki pran sou reklamasyon ou, ou kapab konteste li. W ap jwenn eksplikasyon sou etap ou kapab fè yo nan piblikasyon *The Appeals Process (Pwosesis Pou Fè Apèl)* (Piblikasyon Nimewo 05-10041-HC) ki disponib nan Sekirite Sosyal.

Ou gen dwa pou jwenn reprezantasyon yon avoka oswa yon lòt moun ki kalifye ou chwazi lè w ap fè biznis avèk Sekirite Sosyal. Gen plis enfòmasyon nan piblikasyon *Your Right To Representation (Dwa Ou Pou Ou Gen Reprezantan)* (Piblikasyon nimewo 05-10075-HC), ki disponib tou nan Sekirite Sosyal.

## Fason n ap kontakte ou

Anjeneral, nou itilize sèvis lapòs oswa nou rele ou nan telefòn lè nou vle kontakte ou konsènan avantaj ou yo, men pafwa yon anlwaye Sekirite Sosyal ka vini lakay ou. Anlwaye nou an ap montre ou idantifikasyon li anvan li pale avèk ou konsènan avantaj ou yo. Se yon bon lide pou rele biwo Sekirite Sosyal pou mande si nou te voye yon moun pou wè ou.

**Si ou avèg oswa si ou gen vizyon ki fèb**, ou kapab chwazi pou resevwa avi n ap voye ba ou yo nan youn nan fason sa yo. Men chwa ou yo:

- Avi ki ekri avèk lèt nòmal n ap voye ba ou nan sèvis kourye rapid;
- Avi ki ekri avèk lèt nòmal n ap voye ba ou nan sèvis kourye sètifye;
- Avi ki ekri avèk lèt nòmal n ap voye ba ou nan sèvis kourye rapid, epi n ap rele ou nan telefòn pou konfimasyon;
- Avi ki ekri avèk lèt Bray ak yon avi ki ekri nan lèt nòmal n ap voye ba ou nan sèvis kourye rapid;
- Fichye Microsoft Word sou yon disk konpak done (CD) ak yon avi ki ekri avèk lèt nòmal n ap voye ba ou nan sèvis kourye rapid;
- CD odyo ak yon avi ki ekri nan lèt nòmal n ap voye ba ou nan sèvis kourye rapid; oswa
- Avi ki ekri avèk gwo lèt (tay karaktè 18) ak yon avi ki ekri avèk lèt nòmal n ap voye ba ou nan sèvis kourye rapid.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale nan Entènèt sou sitwèb [www.socialsecurity.gov/notices](http://www.socialsecurity.gov/notices), oswa rele nou gratis nan nimewo **1-800-772-1213**. Si ou soud oswa si ou tande di, ou ka rele nimewo TTY nou nan **1-800-325-0778**.

## Kisa k ap pase lè demann alokasyon mwen apwouve?

N ap voye ba ou yon lèt pou fè ou konnen nou apwouve aplikasyon ou, kantite lajan avantaj ou pa mwa ak dat l ap kòmanse. Avantaj pou andikap ou pa mwa baze sou revni ou touche anmwayèn pandan lavi ou. W ap resevwa premye peman avantaj Sekirite Sosyal pou andikap ou pandan sis (6) mwa ki vini apre dat andikap ou te kòmanse.

Men yon egzanp: Si biwo leta a deside enfimite ou te kòmanse 15 janvyè, w ap resevwa premye benefis pou enfimite ou pou mwa jiyè. Benefis Sekirite Sosyal yo peye nan mwa ki vini apre mwa yo dwe peye, kidonk w ap resevwa benefis mwa jiyè ou nan mwa out.

W ap resevwa dokiman *What You Need To Know When You Get Disability Benefits* (Sa Ou Bezwen Konnen Lè W ap Resevwa Avantaj pou Andikap) (Piblikasyon Nimewo 05-10153), k ap ba ou enfòmasyon enpòtan sou avantaj ou yo, epitou k ap fè ou konnen ki chanjman ou dwe rapòte ban nou.

## Èske fanmi mwen kapab resevwa avantaj yo?

Sèten manm fanmi ou ka ranpli kondisyon pou benefis yo selon travay yo. Pami manm fanmi sa yo, genyen:

- Madanm/mari ou, si li gen laj 62 ane oswa plis;
- Konjwen ou, a nenpòt laj si l ap pran swen yon pitit ou ki poko gen 16 zan oswa ki enfim;
- Pitit ou ki pa marye, ak pitit adoptif ou tou, oswa, nan kèk ka, yon bofis/bèlfi oswa yon pitit-pitit. Timoun nan pa dwe gen laj 18 ane oswa li pa dwe gen laj 19 ane si li nan lekòl primè oswa nan lekòl segondè atanplèn; epi
- Pitit ou ki pa marye, ki gen 18 tan oswa plis, si li gen yon enfimite ki te kòmanse anvan laj 22 zan. (Enfimite timoun nan dwe satisfè definisyon enfimite pou adilt yo tou.)

**REMAK:** Nan kèk sitiyasyon, yon konjwen ki divòse ka kalifye pou benefis yo selon salè ou si li te marye avèk ou pandan omwen 10 zan, si li pa marye nan moman an epi si li gen omwen 62 zan. Lajan ki peye pou yon konjwen divòse pa diminye benefis ou oswa okenn benefis akòz konjwen oswa pitit ou genyen nan moman an.

## Kouman lòt peman yo afekte benefis mwen yo?

Si w ap resewva lòt benefis gouvènman, kantite lajan benefis Sekirite Sosyal pou enfimite ou ka afekte. Pou plis enfòmasyon, ou ta dwe wè:

- *How Workers' Compensation And Other Disability Payments May Affect Your Benefits* (Kouman konpansasyon travayè yo ak lòt peman pou andikape kapab afekte benefis ou, Piblikasyon nimewo 05-10018. Disponib sèlman nan lang angle.);
- *Windfall Elimination Provision* (Pwovizyon ki elimine yon gen ki fèt sibatman nan benefis ou, Piblikasyon nimewo 05-10045. Disponib sèlman nan lang angle.); ak
- *Government Pension Offset* (Metòd enpresyon pansyon gouvènman, Piblikasyon nimewo 05-10007. Disponib sèlman nan lang angle.).

Ou ka jwenn piblikasyon sa yo nan wèbsayt nou, oswa ou ka kontakte nou pou fè demann pou yo.

## Kisa mwen bezwen fè Sekirite Sosyal konnen?

### Si ou gen yon manda ki poko egzekite pou arestasyon ou

Ou dwe fè nou konnen si ou gen yon manda ki poko egzekite pou arestasyon ou pou nenpòt nan zak kriminèl sa yo:

- Sove pou evite yo trennen ou lajistis oswa pou pa ale nan prizon;
- Sove pandan ou nan gadavi; epi
- Sove-ale.

Ou pa kapab resevwa avantaj regilye pou andikap, oswa nenpòt peman ki pa ase ou ka gen pou touche pou nenpòt mwa lè gen yon manda ki poko egzekite pou arestasyon ou pou nenpòt nan zak kriminèl sa yo.

### Si ou kondane pou yon krim

Fè Sekirite Sosyal konnen sa touswit si ou kondane pou yon krim. Yon moun p ap touche avantaj regilye pou andikap ak nenpòt peman ki pa ase nou ka gen pou peye ou pou mwa moun nan pase nan prizon pou yon krim, men nenpòt manm fanmi ki kalifye pou avantaj yo selon travay moun nan ka kontinye resevwa avantaj yo.

Nou p ap peye avantaj pa mwa oswa nenpòt peman ki pa ase nou ka gen pou peye ba yon moun ki fè yon krim, epi ki nan prizon nan yon enstitisyon sou lòd tribinal ak sou depans piblik. Sa aplike si yo jwenn moun nan:

- Pa koupab akòz rezon foli oswa faktè sanblab (tankou maladi mantal, twoub mantal oswa enkonpetans mantal); oswa
- Enkonpetan pou patisipe nan pwosè.

### Si w vyole yon kondisyon libète kondisyonèl oswa pwobasyon

Ou dwe fè nou konnen si w vyole yon kondisyon pwobasyon oswa libète kondisyonèl ki enpoze anba lalwa federal oswa lalwa leta. Ou pa kapab resevwa avantaj regilye pou andikap oswa nenpòt peman ki pa ase nou ka gen pou peye pou nenpòt mwa lè ou vyole yon kondisyon pwobasyon oswa libète sou kondisyon.

## Kilè m ap resevwa Medicare?

W ap gen pwoteksyon Medicare otomatikman apre ou fin resevwa avantaj pou andikap pandan dezan.

## Kisa mwen dwe konnen konsènan travay?

Apre ou kòmanse resevwa avantaj Sekirite Sosyal pou andikap, ou ka vle eseye travay ankò. Sekirite Sosyal gen règ espesyal ki rele prim ankourajman pou travay ki pèmèt ou teste konpetans ou pou travay, epi pou resevwa avantaj Sekirite Sosyal pou andikap pa mwa. Ou kapab jwenn tou edikasyon, reyabilitasyon ak fòmasyon ou bezwen pou kapab travay.

Si ou pran yon djòb oswa si ou vin yon travayè endepandan, li enpòtan pou fè ou konnen sa touswit. Nou bezwen konnen lè ou kòmanse oswa lè ou sispann travay; epi si gen nenpòt chanjman nan responsablite travay ou, orè travay ou oswa salè pa èdtan ou. Ou kapab rele nou gratis nan nimewo **1-800-772-1213**. Si ou soud oswa si ou tande di, ou ka rele nimewo TTY nou, **1-800-325-0778**.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou ede ou retounen travay, mande *Working While Disabled—How We Can Help (Travay Lè Ou Gen Yon Maladi/Enfimite—Kòman Nou Ka Ede)* (Piblikasyon Nimewo 05-10095-HC). Ou kapab jwenn yon gid pou tout sipò travay nan Red Book nou, *A Summary Guide to Employment Support for Individuals with Disabilities Under the Social Security Disability Insurance and Supplemental Security Income Programs* (Yon Gid Rezime pou Sipò Travay pou Moun Andikape Anba Pwogram Sekirite Sosyal pou Andikap ak Revni Sekirite Anplis) (Piblikasyon Nimewo 64-030). Epitou ale sou Entènèt nan sitwèb **[www.socialsecurity.gov/work](http://www.socialsecurity.gov/work)**.

## Tikè pou pwogram Travay

Dapre pwogram sa a, moun k ap resevwa benefis Sekirite Sosyal pou enfimite ak benefis Revni Sekirite Sipleman tè ka jwenn èd pou fòmasyon ak lòt sèvis yo bezwen pou yo al travay. **Tout sa ap gratis pou yo.** Pifò moun k ap resevwa benefis sa yo ap resevwa yon “tikè” yo ka pote ba yon founisè yo chwazi ki ka ofri yo kalite sèvis yo bezwen yo. Pou konnen plis enfòmasyon sou pwogram sa a, mande yon *Your Ticket To Work* (Tikè Ou Pou Travay) (Piblikasyon Nimewo 05-10061).

[www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov)



**Social Security Administration**  
SSA Publication No. 05-10029-HC  
Disability Benefits (Haitian-Creole)  
June 2012

